

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Panalungtikan ngeunaan ajén moral dina buku *Dongéng-dongéng Pakidulan Garut* pikeun bahan pangajaran ieu téh mangrupa panalungtikan ngeunaan ajén moral anu nyampak dina buku dongéng, anu dianalisis dumasar kana ulikan struktural semiotik. Tujuanna nyaéta pikeun meunangkeun ajén moral jeung luyu henteunna saupama *Dongéng-dongéng Pakidulan Garut* dipaké pikeun bahan pangajaran di sakola.

Dumasar kana hasil analisis téma, tina lima tipe téma nyaéta téma réligi, téma kamanusaan, téma patriotisme atawa kabangsaan, téma kadaulatan rakyat, jeung téma kaadilan sosial, ngan aya tilu tipe téma anu kapanggih dina *Dongéng-dongéng Pakidulan Garut*, nyaéta 13 (62%) dongéng anu kaasup kana téma kamanusaan, 4 (19%) dongéng anu kaasup kana téma kaadilan sosial, sarta 4 (19%) dongéng anu kaasup kana téma réligi.

Tina 19 *Dongéng-dongéng Pakidulan Garut*, palaku utamana nyaéta manusa. Dumasar kana éta palakuna, *Dongéng-dongéng Pakidulan Garut* téh kaasup kana dongéng légénda. Hal ieu lantaran dongéng-dongéngna nyaritakeun palaku anu dibayangkeun salaku “palaku dina sajarah”, sarta di jerona aya paristiwa anu dibayangkeun kajadian dina sajarah.

Galur dina *Dongéng-dongéng Pakidulan Garut* diwangun ku bubuka, muncul masalah, masalah muncer, ngaréngsékeun masalah, jeung pungkasan

carita. Numutkeun wandana galur anu aya dina *Dongéng-dongéng Pakidulan Garut* téh kaasup kana galur méréélé. Hal ieu lantaran dina umumna carita-carita heubeul ngagunakeun galur méréélé.

Latar (setting) anu aya dina *Dongéng-dongéng Pakidulan Garut* téh kabagi kana latar sosial, latar tempat jeung latar waktu. Latar sosial nu aya dina dongéng ieu téh réa nu ngagambarkeun kaayaan karajaan jaman baheula anu rahayatna digambarkeun hirup tengtrem, gemah ripah, répéh rapih loh jinawi, patani ngarasa mukti, padagang ngarasa senang. Aya 11 (58%) dongéng anu kaasup kana ieu latar. 8 (42%) dongéng anu kaasup kana latar sosial nu ngagambarkeun kahirupan jalma nu serba kakurangan atawa kaayaan dina kahirupan biasa. Latar tempat dina *Dongéng-dongéng Pakidulan Garut* sakabéhna aya di wewengkon Pakidulan Garut. Aya 12 (58%) dongéng anu latar waktuna jaman baheula nalika loba nagara atawa karajaan di Pakidulan, jeung 8 (42%) dongéng anu latar waktuna lain dina jaman karajaan.

Amanat anu kapanggih dina unggal *Dongéng-dongéng Pakidulan Garut* téh rupa-rupa nyaéta dumasar kana kalakuan para palaku jeung eusi caritana. Aya 2 (10%) dongéng anu amanat ngeunaan kanyaah budak ka kolotna, 3 (16%) dongéng nu amanat ngeunaan kasabaran hiji jalma nyaéta dina dongéng, 3 (16%) dongéng anu amanat ngeunaan kabeneran mah pasti meunang, 6 (32%) dongéng nu amanat ngeunaan kasalahan jalma nu nyebabkeun mamala ka dirina sorangan, sarta aya 5 (26%) dongéng nu amanat ngeunaan katrésna nu kaleuleuwihi matak nimbulkeun mamala.

Dina unsur semiotik *Dongéng-dongéng Pakidulan Garut*, kapanggih aya 6 (10%) ikon, 42 (71%) indéks, jeung 11 (19%) simbol. Numutkeun éta jumlah, katitén yén unsur semiotik panglobana dina *Dongéng-dongéng Pakidulan Garut* nyaéta indéks. Hal ieu lantaran ieu dongéng téh réa anu nyaritakeun asal-muasalna atawa sasakala ngaran hiji tempat. Sasakala ngaran hiji tempat téh dina ieu carita mah aya sabab-musababna. Hal ieu saluyu jeung wangenan indéks nyaéta tanda nu nunjukkeun hubungan kausal (sabab-akibat).

Dongéng-dongéng Pakidulan Garut téh jembar pisan ku ajén-ajén nu luhung, nu utamana nyaéta ajén moral. Ajén moral dina ieu dongéng téh dumasar kana kalakuan atawa sikep palaku utama jeung palaku kadua nu aya dina dongéng. Ku kituna, dina hasil analisisna kapanggih yén aya 12 (63%) palaku utama anu kalakuan atawa pasipatanna téh saluyu jeung moral. Sarta aya 7 (37%) dongéng anu palaku utama miboga sipat atawa kalakuan anu teu saluyu jeung ajén moral. Aya 9 (50%) dongéng anu palaku kaduana miboga sipat atawa kalakuanna saluyu jeung norma. Sarta aya 9 (50%) dongéng anu palaku kaduana miboga kalakuan atawa sipat anu teu saluyu jeung moral.

Dongéng-dongéng Pakidulan Garut téh bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran sastra Sunda. Hal ieu lantaran dongéng-dongéng anu aya téh jembar pisan ku ajén-ajén nu luhung sarta dongéngna matak ngirut siswa.

Sabada dianalisis dumasar kana ulikan struktural semiotik, bisa dicindékkeun yén dongéng ieu téh jembar pisan ku ajén moral anu nyampak boh dina struktur dongéng atawa tanda nu aya dina dongéng.

5.2 Rékoméndasi

Sabada ngayakeun panalungtikan ngeunaan ajén moral dina buku *Dongéng-dongéng Pakidulan Garut* pikeun bahan pangajaran. Aya sababaraha saran atawa rékoméndasi anu hayang di tepikeun, nya éta saperti ieu di handap.

1. Ieu panalungtikan téh medar ngeunaan ajén moral dina buku *Dongéng-dongéng Pakidulan Garut* pikeun bahan pangajaran, tapi ieu panalungtikan téh kakara medar ngeunaan ajén moralna wungkul, ku kituna perlu aya panalungtikan deui ngeunaan ajén-ajén anu aya dina dongéng. Hal ieu lantaran dongéng téh jembar pisan ku ajén-ajén nu luhung anu bisa dijadikeun pikeun alternatif dina bahan pangajaran.
2. Ku lantaran ieu panalungtikan téh teu acan diaplikasikeun kana kamampuh siswa dina nyangkem eusi dongéng, ku kituna perlu ayana panalungtikan ngeunaan pangaplikasian analisis unsur struktural dina dongéng pikeun meunangkeun informasi kamampuh siswa dina nyangkem eusi dongéng.
3. Ieu hasil panalungtikan téh bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran dongéng disakola. Ku kituna, dipiharep sangkan dongéng ieu téh bisa diwanohkeun ka siswa.